

MEDYASYON

Medyasyon se yon pwosesis altènativ pou rezoud dezakò ki efikas epi ki pratik, OPC konn chwazi pou kèk nan plent moun pote bay ajans li a. Nenpòt kilè pandan l ap travay sou yon plent, OPC kapab voye plent lan nan medyasyon.

Pwosesis la genyen ladan yon rankont konfidansyèl pou chita pale ant moun ki pote plent lan ak ajan ki ankòz la, anba sipèvizyon yon twazyèm moun enpasyal ki resevwa fòmasyon pou mennen medyasyon.

Objektif medyasyon an, se pou moun ki an dezakò yo travay ansanm pou yo rive nan yon solisyon yo tout kapab asepte pou rezoud plent lan, epi pou fè gen plis konpreyansyon ant ajan polis yo ak piblik la.

AKTIVITE POU TRAVAY AVÈK KOMINOTE A

Yon pati nan misyon OPC a, se pou fè tout moun nan Distrik Kolonbya a konnen ajans lan, ak objektif li, ak pwosedi pou pote plent pou ajisman ajan polis ki travay nan MPD oswa nan DCHAPD. Pou fè konnen li pi byen, OPC òganize ak patisipe nan plizyè aktivite avèk kominote a, ki pèmèt manm pèsonèl OPC a kominike enfòmasyon sou ajans lan.

Ou mèt kontakte OPC si ou menm oswa òganizasyon w lan ta vle yon reprezantan OPC vin pale nan yon aktivite nou, oswa si w vle resevwa materyèl ki gen enfòmasyon

Adrès Biwo a:

Adrès OPC, se nan 14yèm Ri, Nòdwès, anba lavil nan Washington, DC, nan ang sidès 14yèm ri ak ri I.

Direksyon pou rive nan Metrorail ak nan Metrobus:

Biwo OPC a nan bilding ki sou tèt bouch metwo ki parèt sou 14yèm ri a, lè ou desann tren an nan Estasyon Metwo McPherson Square la. Liy metwo ki ale nan McPherson Square, se liy ble ak liy oranj.

Wout otobis ki pase tou pre yo, se: 54, 80, S2, ak X2.

GOUVÈNMAN DISTRIK KOLONBYA BIWO POU PLENT KONT LAPOLIS



1400 I Street, NW
Suite 700
Washington, DC 20005

Tel: (202) 727-3838
Faks: (202) 727-9182
Nimewo Espesyal 24rè sou 24:
(866) 588-0569

www.policecomplaints.dc.gov

Office of Police Complaints (OPC) [Biwo pou Plent kont Lapolis] se yon ajans endepandan nan gouvènman Distrik Kolonbya ki ofri yon platfòm onèt ak enpasyal pou etidye ak pou rezoud plent moun pote pou move ajisman kont ajan ki travay nan

Metropolitan Police Department (MPD) ak nan **D.C. Housing Authority Police Department (DCHAPD)**.

POUWA OPC GENYEN

OPC gen pouwa pou li resevwa plent, mennen ankèt, ak rezoud plent moun nan piblik la pote pou move ajisman lapolis kont ajan MPD oswa DCHAPD, pou di ajan sa yo fè abi pouwa tankou:

- Anbete moun;
- Sèvi avèk fòs san nesosite, oswa sèvi avèk twòp fòs;
- Pale oswa aji yon jan ki derespèktan, oswa ki manke moun dega, oswa ki montre yo meprize moun;
- Fè diskriminasyon;
- Fè vanjans kont moun ki pote yon plent devan OPC; oswa
- Pa mete idantifikasyon sou rad yo oubyen pa idantifye tèt yo, avèk non ak nimewo badj yo, lè yon moun nan piblik la mande yo fè sa.

Si yon moun vle pote yon plent, li dwe fè sa touswit apre ensidan an rive. OPC dwe resevwa fòmilè plent lan anvan 45 jou pase, apre dat ensidan an, pou OPC kapab mennen ankèt li. Epi tou, lè gen moun ki pran chòk, OPC ap bezwen pran enfòmasyon ekri ak pran foto, epi chache jwenn tout dokiman medikal ki genyen san pèdi tan.

Si yon moun vle, li mèt pote yon plent dirèk tou bay MPD oswa bay DCHAPD, pou fè konnen si gen okenn move ajisman tankou sa ki nonmen pi wo yo ki rive, oswa si gen nenpòt ki lòt zafè an rapò avèk lapolis.



KOUMAN POU POTE YON PLENT

Pou mande yon fòmilè pou pote plent, ak tiliv ki bay enfòmasyon yo, ou mèt:

- **Ale nan OPC** ant lendi ak vandredi, ant 8:30 dimaten to 5:00 apre midi nan adrès:

1400 nan ri I, Nòdwès, Sal nimewo 700 Washington, DC 20005
- **Telefòn OPC** nan (202) 727-3838
- **Telefòn nimewo gratis espesyal OPC a, 24rè sou 24**, nan (866) 588-0569
- **Ale nan sit wèb OPC a**, nan adrès www.policecomplaints.dc.gov
- Ale nan nenpòt ki estasyon distrik MPD

Ou kapab remèt fòmilè pou pote plent la:

- Pèsonèlman oswa voye l pa lapòs nan adres ki ekri pi wo la a
- Nan faks nan nimewo (202) 727-9182
- Si w ale pote fòmilè a nan nenpòt ki estasyon distrik MPD .

ATANSYON:

Ou pa bezwen rezidan nan Distrik Kolonbya a ni sitwayen ameriken pou pote yon plent bay OPC.

OPC pa enterese konnen, ni pa oblije fè rapò sou kondisyon pèsonn devan sèvis imigrasyon.

ENFÒMASYON SOU PLENT YO

Si w ap pote yon plent, mete plis enfòmasyon ou kapab, tankou

- Jou, dat, lè, ak kote egzat ensidan an te rive.
- Non, nimewo badj, ak deskripsyon fizik nenpòt ajan ki te la.
- Non, adrès, ak nimewo telefòn nenpòt temwen ki te la.
- Nimewo plak nenpòt oto ki te ankòz nan ensidan an.
- Nenpòt ki lòt prèv itil ki enpòtan, tankou kopi kontravansyon pou zafè sikilasyon, rapò lapolis, foto, ak dokiman medikal.

KOUMAN YO TRAVAY SOU YON PLENT

Depi yon plent rive ak siyati sou li, yo pral etidye li pou wè si se yon ka OPC gen pouwa pou fè yon ankèt sou li.

- Si OPC gen pouwa pou sa, li pral mete youn nan anketè li yo sou ka a. OPC kapab deside tou pou voye plent lan nan medyasyon.
- Si gen yon ankèt sou plent lan, pral gen yon anketè ki pral fè entèvyou ak temwen, ranmase dokiman, ak prepare rapò pou rezime enfòmasyon nan ankèt la.
- Si ankèt la montre te kapab gen yon move ajisman lapolis vre, yo pral voye plent lan bay yon responsab odisyon endepandan, ki pral bay yon desizyon ekri.